

8 fevriye 2023

Chè fanmi,

Dapre anons Majistra a te fè lendi a, Konsèy Sante Vil Nouyòk sipoze fè chanjman semèn sa a nan egzijans aktyèl Vil la pou vaksinasyon. Pi presizeman, apati 10 fevriye 2023, estaf Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) ak lòt moun ki nan lekòl ak bilding DOE – ladan vizitè ak manm fanmi – pa t ap oblije montre prèv vaksen kont COVID-19 ankò. Sa vle di vaksinasyon COVID-19 sipoze se jis yon opsyon pou estaf DOE ak lòt moun k ap travay nan bilding DOE, menm jan an tou pou volontè nan fonksyon lekòl ap dirije tankou pwomnad, ak lòt moun k ap patisipe nan aktivite nan bilding lekòl yo.

Lekòl yo pral kontinye bay mask epi yo gen tès COVID-19 ki disponib pou distribye pou elèv ak estaf. Elèv, estaf ak manm fanmi ka itilize tès sa yo pou teste tèt yo si yo gen sentòm, si yo konnen yo te ankontak avèk viris la, oswa pou teste tèt yo apre yo fin patisipe nan aktivite ki gen gwo risk (tankou vwayaj ak gwo rasanbleman).

Kòm yon rapèl, lè w rete ajou avèk vaksen COVID-19 se toujou pi bon zouti nou genyen pou konbat COVID-19 epi kenbe lekòl nou yo ansekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 6 mwa pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Vaksen bivalan COVID-19 ajou disponib kounye a pou moun ki gen laj 6 mwa pou pi piti. Nou ankouraje tout moun ki elijib pou resevwa dòz rapèl (booster) sa yo. Si pitit ou a elijib men li poko pran vaksen kont COVID-19, tanpri pwofite pran yon randevou nan vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 311 pou jwenn yon lokal vaksinasyon tou pre lakay ou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon la a: nyc.gov/site/doh/covid/covid-19-vaccines.page#boost. Ale sou cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/stay-up-to-date.html pou plis enfòmasyon sou kalandriye vaksen COVID-19. Pou rete okouran sou tout enfòmasyon ajou sou covid, ale la a: schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/covid-information

Pou pwoteje tèt ou kont COVID ak lòt viris, epi dapre konsèy resan depatman sante, nou rekòmande anpil pou tout moun toujou mete yon mask lè yo nan yon espas piblik fèmen, ki gen anpil moun, ladan nan lekòl; lave men souvan; ak kouvri bouch ak nen avèk yon mouchwa lè y ap touse oswa etènye.

Gen enfòmasyon anplis sou chanjman sa a pi ba a.

Mèsi pou kolaborasyon ou toujou bay.

Avèk senserite,

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Èske yo pral fè konferans paran-pwofesè anpèsòn?

Konferans paran-pwofesè yo ap kontinye fèt adistans, menmsi paran ak moun k ap bay swen yo ka toujou mande konferans anpèsòn nan yon dat ki bon pou tout moun.

Èske sa vle di paran ki pa pran vaksen yo ka antre nan lekòl kounye a? Ale nan jwèt PSAL?

Wi, sa vle di paran ak manm kominote ki pa pran vaksen yo ka antre nan lekòl yo epi patisipe nan jwèt Lig Atletik nan Lekòl Piblik (PSAL) ak lòt aktivite ki fèt nan bilding lekòl yo.

Ki jan sa afekte PSAL ak lòt aktivite espò nan lekòl yo?

Jan yo te anonse nan mwa septanm 2022 a, elèv yo pa oblije pran tout dòz vaksen yo an pou yo patisipe nan espò ki gen gwo risk oswa aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm lan.